


Fianbo Verite A



YON DESIZYON FATAL

Yon bèl jenn fi te chita asiste yon sèvis ki t'ap fêt nan yon gwo tant yo te monte espre pou sèvis revèy. Pisans Bondye te prezan.

(Gade istwa sa a nan paj 14)

Janvye - Fevriye | Volim 10 Nimewo 1

TAB MATYÈ

Yon Desizyon Fatal	14
Editoryal	3
Pi Lwen Pase Pwotestan yo Chapit 3.....	4
Ala Yon Gran Benefis !	13
Seksyon Paran	
Apèl pou Monte	
Leson 8b	20
Istwa Biblik	
Twa (3) Jenn Gason Fidèl	18
Resèt	
Poulè Meksiken	24
Seksyon Jenn	
Yon Ti Pri pou Peye Chapit 21d	25
Seksyon Timoun	
Pran Sa Ki Bon, Epi Rann Li Pi Bon Toujou	30
Aktivite Timoun	34
Lapriyè Yon Papa	Kouvèti Dèyè

Komite

Direktè

Dale E. Heisey
Duane Nisly
Mark Yoder
Paul Schrock
Noah Schrock
Antonio Valverde
Jesús Villegas
Sanford Yoder

Editè

Duane Nisly
Matthew Morhart

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15
Pital de San Carlos
Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se
Publicadora La Merced, ki
sitiye nan Santa Rita de
Rio Cuarto, Costa Rica, ki
pibliye li chak de (2) mwa.

PUBLICADORA LA

MERCED se yon konpayi
k'ap pibliye liv nan yon bi
pou yo pwopaje Levanjil
la. Yo pa fè sa pou lajan.
Okontré, yo fè sa pou yo
pwopaje bon jan doktrin
biblik dapre kwayans
Anabatis yo, epi yo fè sa
pou sila yo k'ap resevwa
literati sa yo kapab jwenn
bon konsèy pratik pou
aplike nan lavi yo.

Desen Kouveti a :
Randall Nisly

Editoryal

Chè lektè :

Chè Lektè,

Pandan m'ap ekri mo sa yo, nou nan mitan sa yo rele semenn Sen an.

Mwen te pase yon tan ap medite sou kòman sa te ye lè Jezi te antre lavil Jerizalèm. Se te yon semenn ki te chanje direksyon lemonn antye. Yon gran foul moun t'ap selebre pandan Jezi te antre nan vil la. Se pwobab pifò nan moun sa yo te mete nan tèt yo Jezi tapral anonse yon plan pou L' chavire pouvwa Women yo epi libere pèp Izrayèl la. Konsa, moun yo t'ap rele : « Ozanna pou Pitit David la ! » Yo te mete fèy palmis atè, epi yo te onore yon nouvo Wa...yon Wa ki te monte yon ti bourik.

Men, detwa jou apre sa, foul la t'ap rele : « Krisifye L' ! Klouwe L' sou yon kwa ! » Epitou, yo te pito yon kriminèl jwenn libète pase pou chèf yo lage Jezi. Anpil nan moun yo ki t'ap rele « Ozanna » pou Jezi dimanch, se te yo menm ankò ki t'ap mande lanmò Jezi nan denmen.

Lè yon moun pwoklame Jezi se Wa tèl nasyon, sa pa vle di moun lan asepte Jezi pou renye nan lavi pèsònèl li. Se de (2) bagay diferan. Wayòm Jezi a se yon wayòm espirityèl. Jezi vle pou L' Wa nan kè nou chak, men sa mande pou nou totalman obeyisan epi fidèl.

Koulye a, m'ap poze tèt mwen kesyon : « Konbyen moun jodi a ki dakò ak travay Jezi te fè sou kwa a, men ki rete la ? » Petèt yo patisipe nan mach, yo asiste lames, yo ale legliz dimanch Pak, epi yo mete nan tèt yo y'ap fè sa Bondye mande. Men nan fon kè yo, yo kontinye sèvi tèt yo ase. Yo inyore sa Sila ki Wa sou tout wa yo egzije yo fè nan lavi pèsònèl yo. Lavi nan wayòm Bondye a se pa yon bagay ki fasil. Pou n' viv jan Kris vle, fòk nou pran kwa nou. Fòk nou blyie tèt nou pou swiv Wa a, epi obeyi kòmandman Li yo. Si nou pa dakò soumèt lavi nou tout antye devan volonte Wa a, nou se menm bagay ak foul la ki t'ap rele « Ozanna ! » jodi a, epi « Krisifye L' » demen.


Èske ou kapab fè deklarasyon sa a ak tout kè ou : « Jezi, mwen kouwone Ou Wa sou lavi mwen ! ?

Duane Nisly

Pi Lwen Pase Pwotestan Yo

—Dal E. Aysi

Chapit 3 Mesaj Sou Mòn lan



Laval Jeneva nan peyi Laswis te debòde ak moun. Dat la se te 27 Oktòb 1553. Komite ki t'ap gouvènen nan vil la te anba direksyon yon moun ki te rele Jan Kalven. Li te youn pami lidè yo nan Refòm Pwotestan an. Komite a te gentan kondane yon moun peyi Espay ki te rele Mikayèl Sèvetis. Yo tapral boule mesye. Yo te deja fè yon jijman ki te dire de (2) mwa. Alafen, yo te kondane Mikayèl kòm yon eretik, ki vle di yon moun ki t'ap aji kont legliz la. Jan Kalven se otè yon gwo dokiman ki rele Enstiti Yo Ki Nan Relijyon Kretyènte. Se li menm ankò ki

fondatè yon doktrin yo rele doktrin Refòme a. Se Kalven sa a ki te planifye epi te dirije santans lanmò Mikayèl Sèvetis. Apre sa, lè moun te leve kont desizyon an, Kalven te kanpe djanm pou li defann sa ki te fet la.

Ki kalite lafwa ki ta pouse yon moun k'ap preche lajistik pou l' boule yon nomm parèy li nan dife ? Epi, kijan yon lidè konsa kapab jwi tout respè ak renome li genyen pamí legliz Pwotestan yo jounen jodi a ?

Yon otè ki pa t' idantifye tèt li te ekri yon bagay alepòk. Men sa li te ekri :

« *Si Kris pran plezi nan boule moun kòm sakrifis, kilès ki pa ta gade Li menm jan ak Molèk osinon nenpòt lòt vye zidòl ? Imagine si ou te la nan okazyon sa a pou deklare santans lan epi pou pase alimèt pou limen dife a ki tapral touye nonm lan ! O Kris, Ou menm ki Kreyatè epi Wa sou tout latè, èske Ou pa wè zak sa yo ? Èske Ou chanje kiles Ou te ye ? Èske koulye a Ou tèlman mechan Ou kont puòp karaktè pa Ou ? Èske ou bay lòd pou moun touye sila yo ki pa konprann kòmandman Ou yo ? Èske se Ou ki mande pou nou touye yo nan dlo osinon bat yo jouk trip yo blayi atè a ? Èske se Ou ki di pou n' dekoupe moun yo ak nepe osinon pou n' boukannen yo dousman sou dife ? Ala yon lanmò terib¹ ! O Kris, èske Ou mande bagay konsa ? Èske ou dakò bagay sa yo ? Moun ki fè travay sa a, èske se moun pa Ou yo ye vre ? Èske prezans Ou devwale kote moun ap touye moun konsa ? Èske ou pran plezi nan manje vyann lòm ? O Kris, si se Ou ki aji konsa, si se Ou ki bay lòd pou sa fet, kisa ou kite pou Satan fè ? »*

Kijan yon moun, nan non Kris ak nan non legliz Li a, kapab defann zafé touye eretik ? Kijan moun yo ki swadizan ansyen nan lafwa tankou Ògostin, Litè, Zwingli, epi Kalven kapab kanpe pou di Bib la anseye Kretyen an pou li enpoze verite a sou moun pa fòs (ak nepe pou fann moun, ak kòd pou pann moun, epi ak dife pou boule moun) ? Fòk nou deklare verite a : Moun sa yo pa t' konsidere ansèyman Jezi yo kòm yon règ pou gouvènen lavi Kretyen an. Yo pa t' asepte Mesaj Sou Mòn lan (Matye 5–7) kòm volonte Bondye pou legliz Li a.

Poukisa Yo Pa T' Asepte Mesaj Sou Mòn Lan ?

Ann pran yon ti moman pou n' etidyé poukisa kèk nan fondatè Refòm yo, kèk gwo predikatè, epi kèk ekritten refize asepte vizyon Senyè a ki vrèman klè. Te gen yon pwofesè ki te sòti nan lavi Plimout nan peyi Angletè ki te rele Jan Dabi. Li se fondatè yon gwoup ki rele Frè Plimout yo. Li te etabli yon doktrin yo rele doktrin

¹ Pafwa santans lan pou yon eretik se te lanmò nan dife ki « lant. » Nan ka Sèvetis la, istoryen yo fè nou konprann yo te itilize bwa vèt. Yo te fè sa espres. Se konsa dife a pa t'ap janm pran byen. Mesye te fè twazèdtan ap soufri anvan li te resi mouri.

dispansasyon yo. Doktrin sa a fè konnen relasyon Bondye ak lòm kapab divize nan sèt (7) epòk differan, ki vle di sèt (7) dispansasyon. Selon ansèyman sa a, lè Jwif yo te rechte wayòm Jezi t'ap preche a, Bondye te rete pwomès Li yo, pouvwa Li, prensip Li yo, ak glwa Wayòm Li a jiskaske milenè a va rive. Milenè a se setyèm dispansasyon an. Mesye Dabi vle fè nou konnen Bondye te entwodwi sa yo rele « epòk legliz la » toutotan milenè a poko rive. Se yon lide ki pa sipòte pamì youn nan pwofèt Ansyen Kontra yo. Selon Dabi, pandan nouvo peryòd sa a, sali se yon òf ki la pou payen yo. Selon doktrin lan, Mesaj Sou Mòn lan se yon mesaj ki pou Jwif yo, epi se pou epòk milenè a li ye. Li pa aplike pou kretyen pandan epòk yo rele « dispansasyon legliz la. »

Doktrin sa a jwenn plis api nan yon Bib ki popilè anpil, ki se Bib Skofid la. Se te Chal Skofid ki te fonde yon misyon ki te rele Misyon Lamerik Santral la. Se te nan lanne 1890. Li te kòmanse travay nan peyi Kostarika yon ane apre sa. Tout kote Bib Skofid la te ale, epi tout kote ansèyman li yo te ale, Mesaj Sou Mòn lan te prezante kòm yon bagay ki la pou demen, pou milenè a. Sa vle di li pa pou nou menm jodi a. Skofid te fè moun konnen mesaj Bondye genyen pou legliz la se pa nan liv levanjil yo, men se nan ti lèt yo pito—sitou lèt Pòl te ekri yo. Pou kesyon Mesaj Sou Mòn lan, men sa Skofid te deklare : « Mesaj Sou Mòn lan, si nou konprann li byen, li prezante yon privilèj ak yon devwa ki PA pou legliz Kris la² » (Gade nòt yo Skofid te ekri pou Matye chapit 5). Skofid se te yon misyonè ak yon ekriven. Li te enfliyanse lafwa kretyen an nan peyi Lamerik Latin yo anpil anpil. Se yon enfliyans ki laj epi pwofon. Men, èske pozisyon li te pran an se te yon pozisyon ki biblik ?

Pandan epòk ki pase yo, genyen moun ki te rechte Mesaj Sou Mòn lan. Yo te genyen rezon pa yo pou yo fè sa. Nou déjà gade detwa nan yo. Ann egzaminen twa (3) rezon ankò ki eslike poukisa kèk moun chwazi rechte Mesaj Sou Mòn lan :

1. Mesaj Sou Mòn lan prezante yon lavi ki pa mache ak sistèm legliz teritwa a.³ Apre legliz ak leta te fè yon sèl, se te enposib pou yon moun obeyi leta ak prensip Jezi te bay yo pou bon kondwit alafwa. Kòman yon sòlda te ka kite yon moun ba li souflèt sou toude bò yo ? Kòman ou te ka sèmante pou rete fidèl ak leta a pandan ou pa dakò fè sèman ? Kijan ou te kapab

2 Près Moudi, Chikago, Ozetazini, prezante menm ansèyman sa yo, sitou avèk yon otè byen popilè ki rele Meril F. Oungè. Li te fè yon diksyonè biblik ak yon liv kòmantè kote lide sa yo degaje.

3 Kalven, Litè, ak Zwingli te mete tèt yo ansanm ak leta pou fose moun nan teritwa kote yo te ye a pou yo adopte menm kwayans pa yo a. Se konsa tèl legliz te vin branche ak tèl teritwa. Se sa ki te rann gouvènman an epi sitwayen yo nan tèl zòn te otomatikman fè pati tèl legliz.

renmen lènmi ou pandan peyi ou a ap fè lagè ak yon lòt pèp ? Lalwa espirityèl Jezi te pwoklame a pa mache ak sistèm legliz teritwa a. Se pwoblèm sa a Kalven te kontre nan lavi Jeneva. Pou l' prezèvite inite ak « pwòpte » nan « lavil Bondye a, » li te oblige etabli lwa yo, epi gouvnman an te aplike yo. Gouvnman an te la pou pini moun ki vyole règ legliz yo. Se poutèt sa Sèvetis te oblige mouri nan dife. Men, ki kote nan Nouvo Kontra a nou jwenn yon lide ki di tout moun ki viv nan tèl teritwa dwe fè pati pèp Bondye a poutèt sa ?

2. Nou te wè déjà kijan kèk moun ki ekri kòmantè sou Bib la gade liv Matye te ekri a kòmsi se yon liv jwif li ye. Yo kwè mesaj ki nan liv sa a va akonpli nan wayòm Mesi a—yon swadizan wayòm politik nan lavil Jerizalèm ki va egziste pandan milenè a. M. F. Oungè te di konsa : « Lè n' pran swen pou entèprete Mesaj Sou Mòn lan, nou pa dwe mele l' ansanm ak epòk gras la ki te antre apati lanmò ak rezireksyon Jezi Kris la. » Skofid te ekri yon bagay nan Bib la kote li fè kòmantè li yo : « Yo pa t' janm rele Kris « Wa Legliz la. » Lè Skofid di sa, li vle di mesaj wayòm syèl la pa sipoze aplike pou Kretyen k'ap viv jounen jodi a. Men, si se konsa, nou genyen yon kesyon pou Skofid : « Èske Kris pa genyen yon wayòm koulye a ? Kilès moun ki Wa nan Wayòm Li, si se pa Li menm ? » Efezyen 5.5 di konsa : « *Paske, konnen sa byen : okenn moun ki nan dezòd lachè, osinon ki nan lenkondwit, osinon ki renmen lajan (moun konsa se tankou moun k'ap sèvi zidòl), okenn nan moun sa yo p'ap gen pòsyon eritaj nan peyi kote Bondye ak Kris la Wa a.* » Pòl t'ap pale sou Bondye lè li te ekri konsa : « *Li rache nou anba pouwwa fènwa a, Li fè nou antre nan peyi kote Ptit Li renmen anpil la Wa* » (Kolosyen 1.13). Wi, Kris genyen yon Wayòm. Epi se Li menm ki Wa nan Wayòm Li a. Koute koral la k'ap chante nan Revelasyon 15.3 : « *Yo t'ap chante chante Moyiz, sèvitè Bondye a, ansanm ak chante ti Mouton Bondye a, Mèt ki gen tout pouwwa, tou sa Ou fè, se bél bagay ! Ou menm ki Wa tout nasyon, plan travay Ou yo dwat, se verite yo ye.* » Wi, Kris se Wa yon wayòm espirityèl, epi pèp Li a obeyi lalwa wayòm lan ki rezime nan Mesaj Sou Mòn lan. Se yon lwa ki p'ap menm nesesè nan yon swadizan milenè ki gen pou vini.
3. Men pi gwo rezon an ki fè moun pa asepte Mesaj Sou Mòn lan nan legliz yo jounen jodi a : Se paske sila yo ki di sali sèlman vini pamwayen lafwa—san

okenn fwi obeyisans. Moun sa yo oblige rechte mesaj sa a ki sitèlman klè. Genyen teyolojen ki di Mesaj Sou Mòn lan se bagay lalwa ankò, kòmsi se zèv ki pou sove ou. Yo di se pa Levanjil la sa. Mond reliye a jounen jodi a chaje ak moun ki pa vle kite yo moutre yo verite a ankò, yo vle pou yo swiv lide pa yo. Yo reyini yon bann direktè met bò kote yo ki di yo sa yo renmen tande (2 Timote 4.3). Anpil moun vle pou yo kanpe pami Kretyen yo, men y'ap chache chemen fasil la. Yon doktrin ki refize otorite espirityèl mesaj Jezi te bay sou mòn lan, se yon doktrin ki mache byen ak sila yo ki renmen lemonn plis pase Bondye. Moun ka prezante rezon teyolojik pou yo rechte Mesaj Sou Mòn lan epi pou yo pa obeyi li, men vrè rezon an rete la : Pèsonn pa kapab rive obeyi Mesaj Sou Mòn lan pandan l'ap viv nan lachè toujou. Se enposib. Yon moun ki pa blye tèt li pa kapab swiv Kris nan obeyisans lwa Li yo.

Èske Mesaj Sou Mòn La Se Pou Kretyen Yo ?

Se byen fasil pou n' konprann konsekans yo ki mache ak kesyon sa a. Si Mesaj Sou Mòn lan pa vrèman pou dispansasyon legliz la, si li pa pou Kretyen yo jounen jodi a, enben Kalven te gen rezon pou l' boule yon eretik. Zwingli te gen rezon pou l' ale nan lagè kote li te mouri. Ògostin te gen rezon pou l' di konsa : « mouton yo ak kabrit yo manje ansanm nan menm patiraj la.⁴ » Lè l' di sa, Ògostin te vle di legliz la genyen moun ki bon ak moun ki pa bon andedan l'.

Si Mesaj Sou Mòn lan se yon ansèyman nou dwe aplike jounen jodi a, fòk nou kapab epwouve sa ak pasaj biblik. Ann gade sèt (7) prèv ki dwe konvenk nou Mesaj Sou Mòn lan se pou nou menm jodi a :

1. *Prèv otorite Jezi a.* Jezi pou kont pa Li, pandan Li t'ap konmanse mesaj la, te di ansèyman sa yo se akonplisman Lalwa a ak tout pwofèt yo. Li avèti sila yo ki vyole kòmandman Li yo (Matye 5.17–19). Apre sa, Jezi te kontinye pou Li prezante yon nouvo jistis, ki te depase Lalwa Ansyen Kontra a. Se te yon jistis ki te pi wo pase jistis chèf fanmi yo ak direktè lalwa yo. Lè Li fè sa, Jezi fè n' konprann ansyen lwa yo te pase, epi se yon nouvo kontra lagras ak verite ki pran plas ansyen an. Nou note otorite Jezi a nan fen mesaj la tou. Li deklare kareman se obeyisans devan pawòl sa yo ki va deside si yon moun va antre nan wayòm syèl la (Matye 7.21–23). Sila yo ki t'ap tandé mesaj la pa t' gen okenn dout konsènan otorite doktrin Jezi te prezante a.

⁴ Ògostin te itilize lojik sa pandan li t'ap eseye konvenk Felisyen, yon fanm gran fanmi, pou li pa antre nan youn nan gwoup biblik yo ki te separe ak kwayans katolik la. Sitasyon sa a te ekri nan yon lèt Ògostin te ekri pou fanm lan.

2. *Prèv mesaj la pou kont pa li.* Si milenè a va yon epòk lapè moun poko janm goute, yon epòk kote va genyen jistis toutbon pamí tout moun, yon epòk kote sen yo va renye sou twòn gloriye anwo tout mechanste, kòman mesaj sa a kapab aplike ?

Kilès ki va oblige fêt atansyon pou fo pwofet lè sa a (7.15) ? Ki kote bêt devoran yo va ye ? Kilès ki va swiv chemen laj la ki mennen nan lanmò ? Poukisa se yon tikras nan moun yo ki va twouve chemen ki mennen nan lavi a (7.13–14) ? Poukisa nou va oblige chache, frape, epi mande pandan nou nan prezans Wa a déjà ? Poukisa n'ap bezwen ansèyman pou moun pa twouble tèt yo pou sa yo pa genyen pandan nou nan bèle abondans ? Kilès ki va fè adiltè, ki va pale lèd, ki va fè kòlè osinon pral divòse pandan tout bagay se jistis, benediksyon, ak dousè ? Èske va genyen goumen ? Pou ki rezon ? Èske va genyen vòlè, moun ki joure, mechan, epi mantè pandan peryòd milenè a ? Lè sa a, èske va oblige genyen limyè ki oblige klere nan tenèb ? Ki tenèb ?

Repons lan klè : bagay sa yo pa fè pati yon milenè k'ap vini, men pito yo aplike pou lavi kretyen an koulye a menm pandan nou nan mitan yon mond ki pèvèti. Nan mesaj Li a, Jezi te fè disip Li yo wè jistis wayòm selès Li a. Se yon jistis ki te oblige reyèl nan jenerasyon pa yo a, epi li dwe reyèl nan jenerasyon pa nou an tou.

3. *Prèv Nouvo Testaman an.* Si nou pral mete mesaj sa a sou kote pou yon lòt epòk ki poko rive, n'a oblige fè menm bagay la avèk anpil lòt mesaj ankò nan Nouvo Kontra a. Genyen lòt pasaj ki anseye menm prensip yo. Yon moun kapab di liv Matye a se pou Wayòm Mesi a li ye sèlman. Men kisa pou n' fè ak menm ansèyman yo ki parèt nan Lik 6.20–49 ? Epi kisa pou n' fè ak pasaj sa yo : Women 12.1–2, 17–21 ; 1 Pyè 2.9–12 ; Jak 4.11–12, 5.12 ? Si nou rechte Mesaj Sou Mòn lan, fòk nou rechte yon bon pati nan Nouvo Kontra a tou. Se fasil pou n' konprann Kretyen an viv nan lemonn, men li pa fè pati lemonn. Li viv apa nan mitan lemonn. Li toujou rete yon limyè pou lemonn.

4. *Prèv lojik.* Avèk lojik, ann considere yon sèl ti pwen. Ann pran yo ti moso nan Mesaj Sou Mòn lan. Ann pran kote Jezi te montre nou kijan pou n' lapriyè. Se Lapriyè Senyè a (Papa Nou ki nan syèl la...). Èske li ta fè sans pou n' priye konsa pandan nou nan bèle glwa wayòm Bondye ki konplètman etabli sou latè ?

Poukisa nou ta antre nan chanm nou pou priye ankachèt lè Jezi déjà resevwa rekompans Li epi Li chita sou twòn Li ? Poukisa nou ta mande pou Bondye etabli gouvènman L' si gouvènman L' déjà etabli ?

Poukisa nou ta antre nan yon ti chanm apa pou n' priye pandan Wa a deja prezan devan je nou ? Poukisa nou ta mande pou Bondye delivre nou anba Satan si Satan deja mare epi jete nan twou san fon an ?

Poukisa nou ta plede ak Bondye pou Li fè volonte Li ? Paske lè sa a : « *Pesonn p'ap fè mechanste. Pesonn p'ap fè sa ki mal sou mòn ki apa pou Bondye a, sou mòn Siyon an ! Paske kè tout moun nan peyi a pral plen konesans Bondye, menm jan fon lanmè a plen dlo* » (Ezayi 11.9 ; Abakik 2.14).

Se klè kretyen an sipoze priye lapriyè sa a koulye a pandan volonte Bondye a pokò fêt sou latè jan li fêt nan syèl la. Nou bezwen toujou ap mande pou padon Bondye. Nou toujou bezwen delivrans anba tantasyon. Nou bezwen pen chak jou, pen fizik epi pen espirityèl. Si nou byen gade pati sa a nan mesaj la, se deja klè mesaj la se pou jodi a epi pa sèlman pou yon epòk ki pi devan toujou.

5. *Prèv istwa legliz primitif la.* Legliz biblik la se yon legliz peleren epi yon legliz ki sibi pèsekisyon. Se konsa legliz primitif la te ye. Kwayan yo te sove ale nan yon vil, apre sa yo te sove ale nan yon lòt vil. Yo t'ap preche, yo t'ap soufri pèsekisyon. Yo te refize fè sèman, epi yo te chwazi yon chemen jis pandan lemonn te ofri yo yon chemen byen laj. Kretyen yo te mouri anba men lòt yo, men yo menm, yo pa t' touye pèsonn. Yo te viv selon Règ Dò a (Matye 7.12). Yo pa t' sèvi de (2) mèt. Yo te anpile trezò yo anlè nan syèl la. Dèske yo pa t' antre nan leta ak nan reliyion leta yo, sosyete a te gade yo kòm fatra. Pandan lidè Refòm yo t'ap jwi pwoteksyon leta ak sipò leta, Kretyen biblik yo t'ap sibi pèsekisyon tout kote. Legliz Kris la te viv selon lalwa Kris la. Se konsa l'ap toujou ye.
6. *Prèv ekriti yo ki la depi anvan Konsèy Nisèn lan.* Nan lanne 100, apre tout apòt yo te fin mouri, te gen yon ti liv ki te ekri. Yo te rele li *Didach Douz (12) Apòt Yo*.⁵ Se te yon liv enstriksyon pou nouvo Kretyen. Se sèz (16) ti chapit ki divize an vèsè, epi li baze sou sa Senyè a te anseye nan Mesaj Sou Mòn lan. Premye pasaj nan Didach la di konsa : « Genyen de (2) chemen, youn ki bay lavi epi youn ki bay lanmò ; epi de (2) chemen sa yo konplètman diferan youn ak lòt. » Apre deklarasyon sa, liv la pase sou mesaj Jezi te bay sou mòn lan. Donk, apòt yo ak premye disip yo te kwè Mesaj Sou Mòn lan se te pou yo menm, epi se te pou epòk gras la kote nou tout ap viv jounen jodi a.

⁵ Didach vle di ansèyman. Mesaj Sou Mòn lan se te mesaj tout legliz yo jouk nan epòk Konstantin. Se lè sa a leta ak legliz te mele ansanm. Lè sa a, yon lòt legliz te pran nesans ki pa t' swiv doktrin apòt yo.

7. *Prèv nan lavi Jezi te mennen an.* Koulye a, ann gade prèv ki pi klè a, ki pi konvenkan pase tout lòt yo. Sa Jezi te viv la se te sa chak kretyen sipoze chache viv. Lavi Jezi se egzant lan pou legliz Li a. Kris te obeyi Lalwa a san mank. Nonsèlman Li te obsève ansyen Lalwa ak pwofèt yo, men Jezi te viv lalwa renmen ak lalwa sentete Li te anseye a tou. Nan Kris, nou wè pèfèksyon ki detaye nan Beyatitud yo (Matye 5.3–12). Se Li ki te Limyè lemonn. Jistis Li te depase Lalwa Ansyen Kontra a. Nan tout sa Li te fè, ak nan lavi sen Li te mennen an, Jezi anseye nou pou n' padone epi beni sila yo ki pèsekite nou. Se pou n' priye pou yo pandan nou konfyé lavi nou ak nanm nou nan men Papa nou ki nan Syèl la. Kilè Jezi te bati yon plan pou li boule Entèl nan dife ? Se Li menm yo te klowwe sou yon kwa pito. Kilè Jezi te goumen kont lènmi Li yo ? Se Li menm ki te geri youn nan lènmi Li yo ki te parèt pou arete Li. « *Se pou sa menm Bondye te rele nou, paske Kris la te soufri pou nou. Li kite yon egzant pou nou swiv pye pou pye* » (1 Pyè 2.21). « *Lè yon moun di li fè youn ak Bondye, se pou l' viv tankou Jezi te viv la* » (1 Jan 2.6). Si nou mete Mesaj Sou Mòn lan sou kote, se enposib pou n' viv tankou Jezi te viv la. Anri Aley te ekri yon liv ki rele *Gid Biblik Aley La*. Li te fè deklarasyon sa a : « Se initil pou n' di nou se Kretyen si nou pa pratike bagay yo Jezi te anseye nan Mesaj Sou Mòn lan.⁶ »

Kòman Mesaj Sa A Afekte Jan Nou Viv Lavi Nou ?

Mesaj Sou Mòn lan peze sou prensip yo ki gouvènen wayòm Jezi a. Li devwale sa ki nan kè moun. Mesaj la se pa yon reset legal ki di mete pye ou isit, mete pye ou lòt bò. Men, kanmenm Jezi te eklèsi prensip Li yo avèk egzant ki te byen pratik. Se klè yon moun p'ap ka rive swiv egzant sa yo san li pa sibi yon chanjman nan kè li. Li va bezwen yon lespri enb ki sòti nan yon kè ki fèt yon dezyèm fwa. Se nan yon kè konsa yon nouvo vi kapab pran nesans. Anvan mwen ka rive beni yon moun ki atake m', fok mwen renmen l' dabò (Matye 5.44). Pou m' rive fidèl nan maryaj mwen, fok mwen egzante tout vye lanvi nan kè m' dabò (Matye 5.28). Baz Mesaj Sou Mòn lan se yon kè ki tounen vin jwenn Bondye, ki fèt yon dezyèm fwa, ki genyen amou Bondye kòm sèl motivasyon li. Se sèl fason pou yon moun viv 'nouvo jistis' Jezi t'ap anonse a.

San dout, Mesaj Sou Mòn lan pale sou bagay byen pratik tou. Men kèk karakteristik ki idantifye yon gwoup Kretyen ki vrèman eseye aplike mesaj la :

6 Anri Aley, *Gid Biblik Aley la*, paj 399

1. Yo pa trennen moun devan leta, yo pa itilize vyolans, yo pa defann tèt yo (Matye 5.39–41).
2. Yo toujou pratike onètete ak verite men yo pa fè sèman—menm sèman legal yo p'ap fè (Matye 5.34).
3. Yo konfye Bondye, yo pa mete konfyans nan sistèm sekirite lèzòm (Matye 6.25–34).
4. Renmen yo genyen pou tout moun, menm lènmi yo, se motivasyon pou yo fè byen nan tout okazyon (Matye 5.44–45).
5. Yo viv pa lafwa, men se pa sa sèlman. Yo pwodwi fwi obeyisans (Matye 7.21).
6. Yo sibi pèsekisyon, men yo pa janm pèsekite lòt yo (Matye 5.10–12).
7. Yo pa pèmèt divòs ak remaryaj pamì yo (Matye 5.32).
8. Yo pa anpile trezò yo sou tè sa a. Okontrè, yo bay ofrann pou rezoud bezwen (Matye 6.19–24).
9. Yo pa patisipe nan lame, ni nan politik, ni nan travay sekirite.
10. Yo pa patisipe nan sendika travayè, ni nan sosyete sekrè (tankou mason yo).
11. Yo viv yon fason pou kreye diferans ant yo menm ak lemonn (Matye 7.13–14).

Kòman lavi pa ou ye ? Kijan lavi asanble kote ou mache a ye ? Èske ou kwè Mesaj Sou Mòn lan se pou legliz ou a jodi a ? Se sa menm. « Se pa tout moun k'ap plede di M' : « *Mèt, Mèt, » ki pral antre nan peyi Wa ki nan syèl la, men se sèlman moun ki fè volonté Papa M' ki nan syèl la* » (Matye 7.21). Jezi te vini pou L' te montre nou volonte Li ki sen. Li te fè sa nan sa L' te di, ak nan sa L' te fè. Koulye a, se nou menm ki pou viv li.

Pou mete fen nan etid sa a, nou pral site yon deklarasyon Awòl Bèndè te fè. Li te ekri yon liv sou Anabatis yo, ki se te yon pèp ki te sibi pèsekisyon. Temwayaj li esprime sa mwen kwè mwen menm. Ann koute sa li di : « Men pozisyon Anabatis yo pran. Yo di konsa : Nou p'ap pran Mesaj Sou Mòn lan kòm yon vizyon Jezi te bay pou mete moun Li yo sou tansyon jouk dènye jou a va rive. Non. Pito nou pran sa Li anseye epi nou mete l' an pratik. Nou kwè kote Jezi te pase, nou kapab pase la tou. Nan gras Li, nou kapab swiv tras pye Li yo. »

(Liv sa a va kontinye nan pwochèn edisyon an)





Ala Yon Gran Benefis !

—Sanford Yoder

Lekti nan Bib : Jenèz 2.7–15

Bondye te mete Adan ak Ev nan jaden Edenn lan nan yon eta pèfèksyon. Yon te genyen kominyon pafè ak Bondye. Men, poutèt peche epi dezobeyisans, Kreyatè a te mete Adan ak Ev deyò nan jaden an. Relasyon an ak Bondye te brize. Koulye a, se kache yo t'ap eseye kache pou Li. Ala yon gran pèt !

« *Men, Bondye sitèlman gen kè sansib, Li sitèlman renmen nou... (Li) fe nou leve sòti nan lanmò, Li fè nou chita jouk anwanan syèl la ansanm ak Li tou* » (Efezyen 2.4, 6). Se pamwayen san Ptit Gason Li te renmen anpil la Bondye delivre nou. Li plante nou nan yon jaden espirityèl. Sa se legliz gloriye a, kote fwi Lespri a donnen anpil.

Lavi nan Kris se yon lavi rekonsilyasyon—rekonsilyasyon ak Bondye epi rekonsilyasyon ak lòm parèy nou yo. Lè yon legliz te plante nan peyi Nikaragua, de (2) gason te konfyé lavi yo nan men Bondye. Se te gwo bagay paske pandan gè sivil la nan peyi Nikaragua, yo chak te goumen pou yon bò. Youn se te yon Sandinista epi lòt la te yon Kontra. Donk, yo te lènmi. Koulye a, kòm kretyen, yo te chita youn bò kote lòt nan menm legliz la. Yo te toujou ap salye youn lòt ak renmen, epi yo te menm lave pye youn lòt.

Ezayi te pale sou yon jou kote : « *Bèt nan bwa ak mouton va viv ansanm. Tig pral kouche menm kote ak jenn kabrit. Jenn ti bèf ak jenn ti lyon pral manje ansanm. Lèfini, se yon timoun ki pral okipe yo. Manman bèf ak manman lous va manje ansanm nan menm savann. Ti bèf ak ti lous va jwe ansanm. Lyon va manje zèb tankou bèf* » (Ezayi 11.6–7). Bèl lide sa yo se yon reyalite pou sila yo ki fèt yon dezyèm fwa nan Kris. Nou deja genyen tout sa n' bezwen pou n' genyen bon kominyon ak Kreyatè nou an epi ak frè nou yo nan Kris.

Ala yon gran benefis n'ap jwi kòm yon jenerasyon Bondye chwazi, kòm prèt k'ap sèvi yon wa, kòm yon nasyon ki sen, kòm yon pèp apa !



YON DESIZYON FATAL

Yon bèl jenn fi te chita asiste yon sèvis ki t'ap fêt nan yon gwo tant yo te monte espre pou sèvis revèy. Pisans Bondye te preznan. Pechè te jwenn sali, epi kwayan te reveye. Bondye te pale klè ak jenn fi a, epi dlo t'ap koule nan je l'. Li te rale yon mouchwa pou l' siye je l'.

Papa jenn fi a se te yon nèg ki te travay tè. Li te rich, epi li te chita nan tant lan tou, men se pa t' ansanm ak pitit fi li a. Li pa t' yon Kretyen, men li te dakò chita la. Lè mesye te remake pitit fi li a t'ap kriye, li te al kote yon zanmi l' ki te preznan tou. Li te di zanmi an konsa : « Si fi m' lan pase devan pou l' konvèti, m'ap fè l' kite isi a koulye a menm, tandé ? » Men fi a pa t' leve pou li pase devan jou swa sa a.

Papa a te Monte machin li, epi li te pati pou ale lakay li. Se te yon jenn gason ki te pote fi a lakay li apre. Lè fi a te antre nan kay la, li te jwenn papa l' ap plede mache nan salon an sitèlman li te eksite. Mesye te gwo nèg. Li te peze 110 kilogram konsa. Depi jenn fi a te wè mesye ap plede mache, li te deja konnen genyen yon pwoblèm.

Jenn fi a mande : « Sa k' genyen, Papa ? Poukisa ou pokouche ? »

Papa a reponn : « M' te deside ret tann ou pou m' ka korije yon bagay. »

Jenn fi a di : « Kisa m' fè, Papa ? »

Papa a di konsa : « Mwen te wè ou t'ap kriye aswè a nan sèvis la. M' t'ap swiv ou lè ou te rale mouchwa a. Maritza, pitit fi m', si lide a te vini nan tèt ou pou ou te pase devan al konvèti, m' t'ap fè ou kite sèvis la menm moman an, epi m' t'ap gen gwo pwoblèm avè ou. » Papa Maritza t'ap pale fò. Jenn fi a te konnen se te yon pawòl serye. Se pa t' jwèt.

Maritza te tonbe kriye epi li te kouri al' nan chanm li. La, pou kont li nan fènwa, li te pran desizyon pou li pa soumèt devan apèl Bondye a. Se diznevan ase li te genyen lè sa a , men Maritza te konnen afè soumèt devan Bondye se pa t' yon bagay li te ka janm fè. Konsa, li te mare ponyèt li, epi li te di konsa : « Bondye, mwen p'ap janm chache Ou. Epi tanpri, retire nan mwen sa m' te santi aswè a. Ban m' tèt mwen. Mwen pa vle pou Ou pale avè m' ankò. Mwen p'ap janm pase devan al konvèti. Retire nan kè m' fado mwen santi a, tandé ? M' fini ak sa. »

Maritza te kouche vre, epi dòmi te pran l'. Malgré dòmi te pran Maritza, te genyen yon bagay ki pa t' kòrèk. Anpil moun ki kouche pou dòmi pa janm tandé vwa Bondye ankò.

YON DESIZYON FATAL

Nan demen, Maritza te kontinye okipe afè l' kòmsi pa t' genyen anyen. Li te ale lekòl jan l' te toujou fè l' la, epi nan sware a li te parèt nan sèvis revèy la.

Lè pastè a te fè yon apèl pou moun vin konvèti, papa a te voye je l' sou jenn fi li a. Koulye a, li te wè Maritza t'ap bay blag ak yon jenn gason. Papa a te al pale ak menm zanmi an ankò. Li te di li konsa : « Gade pitit fi m' lan koulye a. Yèswa mwen te mete l' klè. Li pa enterese nan bagay tèt mare sa yo ankò. Li p'ap janm pase devan. » Epi, se konsa sa te ye vre. Jenn fi a t'ap ri epi pran plezi pandan lòt moun t'ap kriye anba konviksyon, pandan lòt moun t'ap chache sali pou nanm yo.

Dènye jou revèy la te rive, epi sèvis yo te pran fen. Yo te kraze tant lan. Men, plizyè gason ak fi te gentan chanje wout letènité yo a. Letènité yo te asire nan men Bondye koulye a. Predikatè yo te kite zòn lan pou ale lòt kote.

Maritza te pase tout yon semenn san li pa t' genyen anyen. Men nan Lendi maten li te leve, epi li pa t' vle ale lekòl. Li te di manman l' : « Men tèt mwen ap fè m' mal. »

Manman l' reponn tou sèk : « Ale lekòl tifi. »

Maritza obeyi. L' ale. Men apre dezèdtan li te retounen lakay.

Li di manman l' : « Manman, bagay la fè m' mal anpil. M' pa ka etidye anyen. »

Jenn fi a te al kouche nan chanm li. Apre twa (3) jou, li te toujou malad. Jedi apremidi, Maritza te rele manman l' pou di l' konsa : « Manman, m' remake nou youn pa pran ka m'. Mwen vle wè yon doktè. M' pa bon menm. M' santi m'ap mouri. »

Manman an te tande pitit la, epi li te voye dèyè yon doktè touswit.

Doktè a te vin konsilte jenn fi a. Li te kontwole kè l' ak tanperati kò l'. Apre sa, doktè a te mete men l' sou zepòl papa a epi te fè siy pou yo kite chanm lan ansanm pou yo pale yo de (2). Doktè a te renmen fanmi an. Yo te toujou aji byen avèk li.

Doktè a te pale ak papa a : « M' regrett mwen oblige di ou sa, men li déjà twò ta. Pitit fi ou a prêt pou mourir la a. Si ou genyen bagay ou vle di li, se koulye a pou ou fè sa. Pa gen anyen m' kapab fè pou li. Nou pa menm bezwen chache lòt doktè. »

Vwazen lwen yo te tande rèl papa a nan moman sa a. Kisa ki te vini nan tèt

YON DESIZYON FATAL

li lè l' te tande nouvèl sa a ? Se te sware a kote li te konvenk pitit fi li a pou l' pa okipe vwa Bondye. Doktè a te vire ale, epi papa a te antre nan chanm jenn fi a. Men l' t'ap tranble.

Bò kote kabann lan, papa a te mete ajenou. Li t'ap kriye pandan li te di konsa : « Maritza, tanpri, chache Bondye ! Maritza, priye Bondye ! Konfye kè ou nan men Li. Priye, tande ? Maritza, priye ! »


Jenn fi a te poze men l' sou tèt papa l'. Li te reponn : « Papa, pa pase m' nan betiz ak non Bondye sa a. Pa pale avè m' sou Bondye ditou. Kè m' te vin di tankou wòch jou swa sa a kote ou te di m' piga mwen okipe bagay sa yo. Mwen te vini nan chanm mwen jou swa sa a epi mwen te mande Bondye pou Li ban m' tèt mwen. Li te tande m'. Mwen pa gen lide sa yo ankò ditou. »

Maritza te fè papa l' konnen li te deja konprann lavni li te deside pou li. Depi jou tèt fè mal la te antre sou li, li te gentan konprann li pral mourir.

Jenn fi a te di : « Kilè li ye, Papa ? »

Papa l' te reponn : « Li fè katrè. »

Maritza te di konsa : « Se kòmsi lè yo pa mache ankò. Men, talè m'ap yon kote ki pa menm genyen lè ditou, Papa. »



Fanmi an t'ap viv nan yon kay yo te batip pa twò lon tan pase. Yo te genyen yon ansyen kay ki te lèd ak limon, epi li te yon bon ti distans ak nouvo kay la. Jenn fi a te di papa l' konsa : « Tanpri, Papa, ale nan ansyen

YON DESIZYON FATAL

kay la epi chache yon ti dlo fre pou mwen. Talè m'ap yon kote ki pa genyen dlo ditou. »

Papa a te ale dèyè dlo a vre. Li te mete l' bò bouch fi a, epi fi a te bwè. Manman an te rete ap priye san pran souf. De (2) sè yo, ki pa t' ankò konvèti, te kouche plat atè ap priye. Pa t' janm genyen yon fanmi ki te priye pou yon moun jan fanmi sa t'ap priye pou Maritza. Se pa ti rèl ki te genyen bò kabann li lè sa a.

Apre yon tan, jenn fi a te di konsa : « Papa, rale m' pou m' chita sou kabann lan pito. M' santi pye m' yo ap antre nan dife. »

Papa a te leve tèt fi a, men li te pale ak plis emosyon toujou : « Papa, se pye m' yo. Y'ap antre nan dife. Retire yo nan dife a pou mwen. »

Papa a te oblige reponn : « Maritza, pa genyen anyen ankò m' ka fè. »

Jenn tifi a t'ap plede koulye a : « Papa, ale nan tiyo a ankò al pran yon ti dlo pou pitit fi ou la. »

Papa a te kouri ale. Men, anvan li te gentan retounen, bèl jenn pitit fi li a te gentan vwayaje pou letènité.

Koute byen, zanmi m'. Menm papa sa a ale lavil pou l' achte kèk bagay. Li rive devan yon machann, epi li kanpe la tankou yon egare. Machann lan oblige mande l' sa li genyen. Pafwa li konn al travay tè, epi li pa menm rive manyen tè a. Li konn al okipe bèt li yo epi li tounen san li pa menm sonje wè youn nan bèt yo. Li rive nan mache a epi li kanpe gade kòmsi li pa konprann sa ki devan li. Tout moun ki konnen istwa papa sa a konnen poukisa se konsa li ye koulye a. Yo konnen byen poukisa lespri li toumante.

Se pou istwa sa a sèvi yon avètisman pou paran yo ki gen lide anpeche pitit yo resevwa sali Jezi ofri a. Jezi kapab ofri nou sali paske Li te mouri sou kwa Kalvè a, epi Li te leve vivan. Sali Jezi ofri a se sali konplè, epi li gratis. Se sali sa a sèlman ki ka prepare yon moun pou syèl la ak pou glwa ki genyen pou vini an.

Se yon istwa ki vre. Se Bona Fleminn ki te rakonte li.

Tèks sa sòti nan *The Old Country News (Ansyen Nouvel Peyizan)*

Volim 19, Nimewo 6



ISTWA BIBLIK

TWA (3) JENN GASON FIDÈL

Chadrak, Mechak ak Abèdnego

Akòz peche yo, anpil nan Izrayelit yo, oubyen Ebre yo, te depòte nan peyi Babilòn kòm prizonye. Pandan tan sa a, wa Nebikadneza te fè yon gwo estati an lò ki te sanble ak yon moun. Epi, li te rele tout prens, gouvènè, ak jij li yo ansanm nan yon reyinyon espesyal. Malgre Danyèl pa t' la, twa (3) zanmi ebre li yo, Chadrak, Mechak, ak Abèdnego, te la.

Gwo foul la te rasanble devan estati a. Epi, komisyonè wa a te rele : « Lè nou tande mizik la, nou tout dwe mete ajenou epi adore imaj lò a. Nenpòt moun ki refize mete ajenou, yo pral jete li nan founèz dife a. »

Mizik la te jwe epi tout moun, esepte twa (3) jenn gason yo, te mete ajenou. Chadrak, Mechak, ak Abèdnego te rete kanpe dwat malgre lavi yo te an danje. Imedyatman, kèk Kaldeyen jalou te rapòte sa bay wa a.

Nebikadneza te fache kont yo. Li te mande : « Èske se vre nou refize adore imaj lò mwen an ? Mwen pral ban nou yon lòt chans epi si nou obeyi, pa gen pwoblèm. Men si nou toujou refize adore imaj mwen an, yo pral jete nou nan founèz dife a. » Konsa li te moke yo : « Epi, ki Bondye ki va delivre nou anba men mwen ? »

Twa (3) jenn gason ebre yo te gentan deside depi lontan sa yo tapral fè. Yo te reponn : « Nou p'ap adore imaj ou a. Bondye n'ap sèvi a kapab delivre nou ! »


Figi wa a te chanje koulè sitèlman li te ankòlè. Li te rele : « Mare Ebre sa yo epi jete yo nan founèz la. Epi, chofe founèz la sèt (7) fwa pi plis ! » Imedyatman, yo te obeyi lòd li yo.

Pandan wa a t'ap gade fiks nan founèz la, li te rele briskeman : « Mwen wè kat (4) moun k'ap mache nan dife a ! Katriyèm lan sanble ak Pitit Bondye a. » Konsa li te rele : « Chadrak, Mechak, Abèdnego, sòti ! »

Tou dousman, jenn gason yo te sòti nan founèz la. Nebikadneza ak lòt chèf li yo te gade yo fiks avèk etònman. Malgre kòd yo te boule, yon grenn cheve pa t' flanbe, ni rad yo pa t' boule. Yo pa t' menm gen sant lafimen sou yo.

Konsa, wa a te imilye tèt li epi te bay Bondye Ebre yo giwa.

Danyèl 1.1-7 ; chapit 3




Bondye sove twa (3) jenn gason ebre yo nan founèz dife a.

Nou pa bezwen pè moun ki kapab touye kò nou, men ki pa kapab touye nanm nou. Se Bondye pou nou pè pito, paske Li menm Li kapab detwi nanm nou ansanm ak tout kò nou nan lanfè. (Matye 10.28)

1. Konbyen moun yo te mete nan founèz dife a ?
2. Konbyen moun wa a te wè nan founèz dife a ?
3. Kiyès ki te delivre twa (3) jenn gason ebre yo ?

Itilize avèk pèmisyon :
Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio
Atik sa a sòti nan : 101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La © 1994

SEKSYON PARAN



Disip Jezi Kris

Lafwa e Santiman

Leson 8b

OBSÈVASYON #3 : Lafwa jwenn nouriti nan Pawòl la epi pamwayen prezans Sentespri a.

Men kijan pou nou jwenn lafwa si li tèlman enpòtan ? Lafwa pa natirèl pou nou nan eta peche nou. Fòk nou tandé pawòl Bondye. Se rezon sa a ki fè predikasyon (mesaj) tèlman nesesè—pa senpleman predikasyon fòmèl dèyè yon chè nan yon legliz. Men kwayan yo dwe anonse Levanjil la ak bouch yo nan travay yo e nan mache a, toupatou. Lafwa va pouse tankou yon semans nan kè moun lè yo tandé sa Bondye di e sa Li fe. Nou vrèman bezwen moun k'ap anonse Pawòl la jodi a !

Menm lwa sa (fòk nou tandé Pawòl Bondye) aplike toujou aprè lafwa vini

nan kè a. Lafwa kapab fèb nan kòmansman an. Li kapab san matirite. Li kapab sèlman yon semans. Lafwa bezwen kontinye resevwa nouriti nan Pawòl Bondye pou li ka grandi. Lè kwayan yo tande Pawòl la, yo vin kwayan ki pi fò. Lafwa vini pamwayen tande Pawòl la.

Galat 5.22 montre nou lafwa se youn pami fwi yo ki sòti nan Sentespri a. (Li di ke fwi Lespri a se lamou, lajwa, lapè, pasyans, bonte, byenveyans, lafwa, dousè, disiplin moral.) Men Sentespri envizib. Prezans Li nan lavi nou se yon bagay espirityèl li ye, e sa pa vizib. Pandan nou ap aprann mache nan mak pye Li yo (fidelite), Li louvri je lafwa nou pou nou toujou wè plis sou wayòm Li, yon wayòm nou pa kapab wè avèk je natirèl nou yo. E nou aprann « *si n'ap mache se pa paske nou wè tout bagay klè, men se paske nou gen konfyans nan Kris la* » (2 Korent 5.7). Note byen ! Limyè espirityèl pa tèlman vini pamwayen etid, li pa yon zafè entèlijans siperyè ; limyè vini pamwayen yon kè ki konekte ak Bondye. Yon nonm ki pa ka fè yon bon nòt nan egzamen men ki mache avèk Bondye va genyen pi gran sans espirityèl, li va egzèse plis lafwa e li va fè Bondye plezi plis pase yon gwo jeni ki viv san Bondye. Lafwa vini pamwayen prezans Sentespri.

Kesyon pou Etidye :

1. Fè lis lide yo ki prezante nan Women 10.17. Vèsè sa a paralèl avèk sa ki parèt nan vèsè 14–15. Fè lis tout lide yo ki parèt nan vèsè sa yo (Yo parèt nan lòd rèvè). Kisa Bondye vle fè nou konnen nan pasaj sa a ?
2. Nan pwòp pawòl pa ou, deklare plas pawòl Bondye nan relasyon ak lafwa ?
3. Kòman lafwa ka grandi ?
4. Èske ou kapab bay kèk egzant moun nan Bib la ki te gen lafwa fèb ?
5. Kòman Sentespri pwodwi lafwa nan nou ?
6. Poukisa li enpòtan pou wè lafwa kòm travay Sentespri a ? Ki bagay moun ka pran kòm lafwa nan lavi yon moun ki pa vrèman lafwa ?
7. Ki egzant ou konnen nan Bib la kote yon moun òdinè te genyen yon lafwa solid ? Kisa ou apresye nan egzant sa yo ?

Kounyeya nou fin gade lafwa, annou konsidere santiman nou. Kisa nou vle dilè nou pale sou santiman ? Se pa sans touche a tankou nan pwent dwèt nou yo. Okontrè, santiman nou se emosyon nou. Se dispozisyon ki fon andedan nou epi ki bay koulè pou tout sa nou fè, tout sa nou di e tout sa nou panse. Santiman nou yo se yon fòs ki pisan nan lavi nou. Nou renmen santi bagay pozitif yo tankou

lapè, kontantman, konfyans e sekirite; e nou degoute santiman negatif yo tankou dekourajman, perèz, e dout. Emosyon sa yo pi pwofon pase sans fizik nou yo (wè, tandé, goute...). E paske santiman yo pi pwofon, sa fè nou gen tandans konfonn yo ak sa ki pi pwofon toujou—travay Lespri Bondye nan lavi nou.

Pou anpil Kretyen, yo twouve l' pi fasil pou yo viv daprè santiman yo olye pou yo viv avèk lafwa. Nan sa nou pral etidyé a, nou va egzaminen senk (5) pwen komén kote Kretyen lite avèk santiman yo. Nou va pèmèt Pawòl Bondye klere pwen sa yo e montre nou kòman pou trete santiman sa yo.

DEKOURAJMAN

Mwen reponn li : « Aa ! Senyè Bondye sèl Mèt ! Se timoun mwen ye. Mwen pa konn pale. » Men, Senyè a di mwen : « Pa di se timoun ou ye. Ou gen pou ou ale bò kote tout moun M'ap voye ou. W'a di yo tou sa M'a ba ou lòd di yo. Ou pa bezwen pè pèsonn. Paske M'ap kanpe la avè ou pou M' pwoteje ou. Se Mwen menm Senyè a ki di sa. » Jeremi 1.6–8

Èske ou te janm santi ou dekouraje ? Prèske tout moun santi dekourajman detanzantan.

Nan tèks anwo a, Jeremi te santi li tankou yon timoun piti. Li te anfas yon travay ki te difisil—se li menm ki tapral pwofet pou yon pèp ki rebèl—e konsa li te santi l' pa t' kalifye pou travay la. Li te dekouraje anvan li te menm kòmanse. Konsa tou nan istwa Moyiz ak pèp Izrayèl la, dis nan douz espyon yo te santi dekourajman lè yo te vizite peyi Kanaran. Yo te konpare vil ki antoure avèk miray epi jeyan Anak yo ki te rete nan peyi a avèk resous yo te genyen nan men yo, yon lame moun ki pa menm antrene pou batay. Donk, yo te santi yo pa t' ka pran peyi a...e yo te dekouraje.

Sa Jeremi e dis (10) espyon yo pa t' konsidere se te prezans Senyè a. Bondye pa t' rele Jeremi pou li te yon pwofet pou kont li. Bondye te pwomèt Li t'ap avèk li. Konsa tou, Bondye pa t' voye Izrayelit yo nan peyi Kanaran pou kont yo. Li te genyen entansyon pou mache devan yo. Men nou pa kapab wè Bondye ak je nou yo. E se la lafwa antre nan koze a. Pandan Jeremi te mete konfyans li nan Bondye, li pa t' wè travay la kòm yon travay ki twòp ankò. Epi de (2) espyon yo ki te mete konfyans nan Bondye te konnen yo kapab antre nan peyi Kanaran. Nou menm ki Kretyen, nou konn gen travay ki parèt twòp pou

Dekourajman vini lè moun konpare travay difisil yo gen pou fè avèk mank resous pou fè li.

nou. Se sèlman si nou aji nan lafwa nou p'ap tonbe nan dekourajman.

Lè dekourajman vini, nou pa dwe aji selon santiman sa yo. Nou dwe konsantre vizyon espirityèl nou sou Senyè a menm, epi nou dwe mache annavan avèk lafwa pito. Te genyen yon moman lè mesye ki te avèk David yo te vle touye li avèk kout wòch. David te santi li tou sèl epi dekouraje, men Bib la di « **David te reprann kouraj lè li te apiye sou Senyè a, Bondye li a** » (1 Samyèl 30.6 selon Bib Fransè a). Bib Kreyòl la di : « Senyè a, Bondye li a, te ba l' kont kouraj. » Dèske David te apiye li sou Senyè a, li t'ap viv pamwayen lafwa, e non pamwayen santiman li yo. Senyè a te onore lafwa David, Li te ede li nan tan difisil sa a. « **Men kijan nou genyen batay la sou lemonn, se paske nou gen konfyans nan Bondye** » (1 Jan 5.4).

**Kouraj vini lè m' kwè
Bondye avèk mwen
nan travay Li ban
mwen fè a.**

Kesyon pou Etidye :

1. Kòman Jeremi te santi li devan travay Bondye te bay li a ? Ki travay li te genyen pou fè ? Kòman Senyè a te ankouraje li ?
2. Kisa dekourajman ye ?
3. Ki lòt egzant ou konnen nan Bib la kote moun te dekouraje ? Pou chak egzant, eseye dekri sa yo te genyen nan tèt yo ki fè yo te dekouraje : ki pwoblèm yo te wè devan yo epi ki resous yo te genyen nan men yo ?
4. Poukisa lafwa nesesè pou pote laviktwa sou dekourajman ? Kisa moun pa wè lè yo dekouraje ?
5. Kisa David te fè pou l' pa dekouraje ankò ? Ki aktivite oubyen ki mouvman ou panse li te fè pou l' chache Bondye konsa ? (Kisa Sòm yo di nou ki eklèsi nou sou sa David te konn fè ?)
6. Kisa kouraj ye ?
7. Bay kèk egzant biblik kote moun te montre kouraj.

(liv sa a va kontinye nan pwochèn edisyon an)

—John Coblenz

Itilize avèk pèmisyon : Christian Light Publications, Inc

Harrisonburg, VA Ozetazini

Tout dwa rezèvè



Poulè Meksiken

Engredyan yo :

6 filè poul	1 zonyon
1 piman wouj	1 piman vèt
1 piman jòn (si ou vle)	piman pike (si ou vle)
1 ti kiyè koumen	1 ti kiyè lay
1 ti kiyè pèsi	pwav
sèl	lwil oliv
8 kasav wayal	

Preparasyon :

Tranche filè vyann poul yo an moso ki tou long, lajè $\frac{1}{2}$ santimèt konsa. Kale zonyon an epi coupe l' an ti tranch. Lave piman yo (wouj, vèt, jòn) epi tranche yo nan moso ki tou long, lajè $\frac{1}{2}$ santimèt konsa.


Vide yon ti tak lwil oliv nan yon chòdyè. Depi li cho, ajoute moso vyann poul yo. Ajoute yon ti sèl, pwav, koumen, piman pike, lay, epi pèsi. Brase tout ansanm. Kwit vyann lan pandan de (2) minit konsa. Apre sa, ajoute tout moso piman yo ansanm ak yon ti lwil toujou. Brase ankò, epi mete l' kwit pandan de (2) minit toujou. Ajoute zonyon an epi kwit tout bagay pandan senk (5) minit.

Pandan w'ap fè sa, chofe kasav wayal yo nan yon lòt chòdyè. Depi vyann lan fin kwit, pran l' ak kiyè epi lage l' sou wayal yo epi woule yo pou fèmen yo.

Ou kapab desèvi manje sa a ak zaboka oubyen ak fwomaj mozarèl.



SEKSYON JENN



YON TI PRI POU PEYE

SOULAJMAN

Chapit 21d

Mwen te kole figi m' sou bout tiyo a. Mwen te anbrase li. Aaaaa ! Chalè ! Mwen te santi chalè nan tout kò mwen...tout kote mwen te manyen tiyo a.

Mwen te kriye : « Senyè, mèsi ! Sa se prèv Ou pa abandone mwen. Mwen konnen se sa. »

Mwen te retounen sou lapriyè mwen. Mwen te pare pou premye opsyon an : mouri epi ale nan syèl la. Koulye a, mwen te reflechi sou dezyèm opsyon an. Ala bèl sa t'ap bèl si yo ta vin lage m' epi ban m' libète !

Mwen pa konnen kijan, men dlo cho ki t'ap pase nan tiyo a, ansanm ak chalè li te pote a, te mache nan tout kò m' jouk mwen te mande pou twazyèm opsyon an.

« Senyè, se nan men Ou mwen lage lavi mwen. » Mwen t'ap priye avèk tout kè m'. Mwen te konplètman soumèt devan volonte Bondye a. « Si Ou vle pou m'

viv, mwen va viv pou Ou. Nenpòt jan, mwen ba Ou lavi mwen. Se pou volonte Ou fèt. Ti sakrifis m'ap fè a pa anyen devan gwo bagay Ou te fè pou mwen lè Ou te sove m'. »

Pandan twazèdtan konsa, mwen te eseye chofe. Mwen konnen poukisa tiyo a te cho. Petèt se te yon moun ki te bliye fèmen dlo a yon kote. Sa pa t' enterese m'. Pou mwen se te yon siy ki te sòti lakay Bondye. Li te fè m' konnen Li pa t' abandone mwen.

Nan demen maten, yo te lonje yon tas dlo cho ban mwen. Yon lòt mirak ! Dlo a te klè ; li pa t' plen salte ! Mwen te bwè l' kòmsi mwen t'ap bwè yon te ki koute byen chè.

A 7è dimaten, pòt la te ouvri sou mwen.

Gad la te di : « Sòti deyò ! »

« Men...men mwen rete de (2) jou toujou. »

Gad la te repete : « Sòti deyò ! »

Mwen pa t' plede. Mwen te swiv li monte mach eskalye a.

Èske se te lè pèsekisyon an ki te rive sou mwen ? Èske se bat yo tapral bat mwen, osinon fè m' soufri lòt bagay toujou ? Se yon bagay ki remakab anpil, men tout jou mwen te pase nan prizon yo, yo pa t' janm bat mwen. Men, èske jou pa m' lan te rive koulye a ?

Gad la te pale tou sèk. Li te annik di : « Pran inifòm pwòp sa a. Ou genyen kenz (15) minit pou ou benyen. » Li te mennen m' nan yon douch.

Se te bagay ki etranj nèt. Petèt sa pa t' vle di anyen. Men, mwen te tèlman kontan mwen pa t' panse ak anyen. Mwen tapral benyen bon jan benyen an... ak dlo cho epi tout bagay !

Mwen te jwi moman benyen an nèt. Alafen yo te menm ban mwen yon sèvyèt pou m' seche kò m'. Lèfini, inifòm yo te ban mwen an te tou pwòp !

Mwen te fè bab mwen epi te penyen tèt mwen. Se te bagay mwen pa t' fè depi kèk mwa. Mwen te santi m' anfòm nèt.

Apre sa, gad la te mennen m' nan sal manje a kote yo te mete yon bòl kacha devan mwen. Mwen te pran yon ti kras ase paske mwen te konnen vant mwen pa t' ka jere gwo bagay konsa yon sèl kou. Gad la te mennen m' bay yon bòs ki te fè tèt mwen pou mwen. Apre sa, li te mennen m' bay yon doktè ki te fè yon ti egzamen pou mwen.

Doktè a te di : « Ou an plen sante, tankou yon jenn gason. »

Mwen pa t' di anyen devan gwosè manti doktè a. Mwen te konnen kò m' te epize epi chaje maladi. Pou kilès li te bay manti sa a ? Mwen te swiv pandan li te

ekri kèk bagay sou yon papye. Apre sa li te vire ale.

Apre tout bagay sa yo, yo te ban m' yon kabann. Yo te pèmèt mwen repoze pandan plizyè jou pou m' te kapab rejwenn fos mwen.

Bon akèy la te bon nèt pou mwen. Li te konfime pou mwen Bondye te genyen yon plan toujou pou lavi mwen. Se pou plan sa a Bondye te fè m' viv toujou. Yon lòt fwa ankò, mwen te soumèt devan volonte Li.

* * *

Poukisa te gen gwo chanjman sa yo nan jan yo te trete m' ? Mwen pa t' konnen. Se jouk apre mwen te aprann Vera te resevwa nouvèl ki te di konsa : « Kouri vini, men mari ou prêt pou mouri. »

Touswit li te pati pou l' rive nan prizon an, Koloni Nimewo Nèf (9). Se yon fanm ki connè pèsiste, epi li te pèsiste ak chèf yo jouk yo te dakò pou li wè mwen. Se pa t' yon vizit ; yo te dakò sèlman pou li wè m' ak je li. Li te kanpe nan yon fennèt anlè a. Li te wè m' lè m' te sòti nan douch la ak bon inifòm pwòp la sou mwen. Li te wè m' lè yo te mennen m' al manje. Li te wè m' lè yo te fè tèt mwen ak lè m' te vizite doktè a. Apre sa, yo te mennen l' ale nan yon machin leta.

Mwen pa t' konnen anyen nan jan ka pa m' lan te yon afè entènasyonal koulye a. Lèt mwen yo te enprime nan jounal Vestnik Istiny a, epi konsa anpil moun te konnen yo. Anpil kretyen nan lemonn antye t'ap priye pou mwen ak pou lòt kretyen yo nan prizon peyi Larisi yo. Te genyen anpil presyon pou chèf Ris yo fè yon bagay nan sa.

Se tout bagay sa yo ki te fè mwen te jwenn soulajman. Men, se Bondye ki te aranje tout sa. Mwen sèten se te sa. Se te bon volonte Li ki t'ap reyalize.

* * *

Lè m' te fin repran fos mwen, yo te lage m' nan yon sèlil ak twa (3) lòt nèg. Mwen te gentan tandé kèk bagay pou sèlil la kote yo te lage m' lan. Se te yon kote espesyal yo te rezève pou yo kase do prizonye ki te pi rèd yo. Se pa t' sèlil la ki te move, se te nèg yo ki te ladan l'.

Twa (3) mesye sa yo te gwo. Tout prizonye yo te pè yo kou chat. Anba je gad yo, yo te resevwa dwa pou fè sa yo vle ak moun. Sa gad yo pa t' kapab fè, nèg sa yo te lib pou fè l' pou yo.

Mwen te konnen touletwa nèg yo. Epi, yo te konnen mwen tou.

Yo te di : « Men nèg sen an ap vini. Kisa gad yo genyen avè ou ? »

Mwen te souri. M' te reponn : « M' pa vrèman konnen, sof si se mouri yo ta renmen pou m' mouri. »

Yo te di konsa : « Mouri menm ? Poukisa yo ta vle pou yon nèg sen tankou ou mouri ? »

Mwen te esplike : « Prezans mwen se yon wont pou vye sosyete yo genyen an. »

Yo tout te souke tèt yo. « Si se pa t' pou moun tankou ou menm, lemonn t'ap gate nèt wi. Nou bezwen nèg sen tankou ou pou n' pa youn manje lòt. »

Pòt sèlil la te antre epi gad yo te voye yon nèg antre. Yo t'ap souri pandan yo te di : « Men youn ankò. »

Nouvo prizonye a te kout, epi li te fleng. Cheve nwa li ak koulè po li te idantifye li rapid. Li te yon etranje, moun yon lòt ras.

Pi gran an nan gwo nèg yo te mande li : « Kilès ou ye ? »

Ak kè kase mesye te reponn : « Mwen rele Abraram Kountzmann. »

Tout nèg yo te pete ri byen fo. « Ou se yon Jwif ! »

Touletwa nèg yo te ban m' vag pandan yo te al peze nouvo nèg la.

« Anhan ! Jwif yo toujou rich. Nou pral fè yon bon rekòt la. »

Tankou yon ekip karanklou, nèg yo te seke jennom lan.

Mesye t'ap plede avèk yo : « Non ! Non ! Mwen pa gen okenn richès avèk mwen. Mwen pa rich. »

« Se nou k'ap deside sa. Ouvri bouch ou ! » Tèlman jennom lan te pè, li te ouvri bouch li vre. « Men dan lò ! Li plen richès. »

Sa nèg yo te fè se yon bagay ki toumante m' jouk jounen jodi a. San pitye, twa (3) nèg yo te mete mesye atè. Malgre tout efò jennom lan te fè kont yo, yo te pran yon kiyè epi yo te kòmanse rache tout dan lò yo ki te nan bouch li.

Pou agrave bagay la toujou, yo te kòmanse bat mesye a.

Yo t'ap di : « Kote rès lò a ? Ou vale l' ? »

Mwen pa t' konnen kisa pou m' fè. Si m' ta eseye detounen yo nan sa yo t' ap fè a, yo te ka vire sou mwen. Men kijan mwen te ka rete ap gade mechanste sa a ?

Finalman mwen te avanse sou yo.

Tou dousman mwen te di yo : « Kite l' non. » Mwen te bese pou m' ede nèg la kanpe. Bouch li te plen san.

Mwen te mennen l' nan lavabo a pou l' netwaye. Li te plede rense bouch li anpil fwa. Mwen te lave figi l' yon ti kras epi mwen te mennen l' al kouche.

Twa (3) nèg mechan yo te swiv nou. Yo t'ap egzaminen lò yo te rache nan bouch li yo. Yo te fè djòlè sou ki kalite mechanste yo te konn fè, men yo pa t' leve yon men sou mwen.

Apre sa, yon gad te parèt. Mwen sisipèk li te byen konnen kisa nèg yo tapral fè

ak Jwif la, paske li t'ap ri. Li te voye je l' sou mwen menm ak jennom lan pandan li te pale ak nèg mechan yo.

Touletwa mechan yo te di gad la konsa : « Fòk ou wete nèg sen an nan mitan nou. Nou pa ka fè vye travay nou yo si li preznan. Li genyen yon pouvwa nou pa ka konprann. »

Menmsi yo pa t' dou nèt avèk mwen, yo te gen respè pou mwen kanmenm.

Gad la te gade m' fiks. Apre sa li te di : « Dakò. Nou pa vle anyen anpeche nou fè travay nou. »

Gad la te retire m' nan sèlil mechan yo epi te mete m' nan yon lòt. Pandan nou t'ap kite kote n' te ye a, mwen te tande youn nan mechan yo rele byen fo pou gad la te ka tande. Li te di : « Pa fè ti nèg sen an anyen, tande ? Si ou manyen l', m'ap koupe tèt ou ! »

Se pa ti bri lòt mechan yo te fè apre koze sa a. Se te yon plezi pou yo tout. Mwen pa konnen kisa ki te rive jennom Jwif la. Chak fwa mwen sonje li, mwen oblige fremi.

(Istwa sa a ap kontinye nan pwochèn edisyon an)

—Harvey Yoder

Itilize avèk pèmisyon |TGS International |Berlin, Owayo, Ozetazini | Tout dwa rezèvè



REPONS

Aktivite Timoun

1. bliye
2. fèmen
3. netwaye
4. padon
5. amelyore

K	J	H	M	N	P	A	D	O	N
T	R	W	Q	S	D	M	V	X	B
J	K	H	F	È	M	E	N	G	F
Z	G	F	D	R	T	L	O	U	I
D	N	E	T	W	A	Y	E	S	D
G	F	D	S	D	F	O	V	B	C
Y	J	M	K	P	L	R	W	Q	S
K	J	B	L	I	Y	E	W	D	F

SEKSYON TIMOUN



Pran Sa Ki Bon Deja, Epi Rann Li Pi Bon Toujou


Se te yon jou dimanch maten. Beki t'ap fè kèk travay nan kay la ak kè kontan anvan l' ale legliz. Granpapa l' te nan kay la ap vizite yo, epi se li menm ki tapral bay mesaj la nan sèvis legliz la. Te genyen de (2) ane ki te pase kote granpapa Beki pa t' janm pase vizite yo. Ala kontan tifi a te kontan koulye a dèske yo te vini ! Beki te deja pran desizyon pou l' konpòte l' kòm bon timoun nèt pandan tout tan granpapa l' ak grann li te nan kay la. Li pa t'ap fè okenn dezòd. Koulye a, se te li menm ansanm ak Estè ki t'ap mete fen nan afé tire lèt.

Konsa, Estè te di yon bagay : « Manman m' di m' se mwen menm ki pou bay poul yo manje jodi a. Li di se ou menm ki pou lave bokit yo epi al ede l' andan kay la. »

Beki te pwomennen je l' pou l' wè si granpapa l' te la pou tandé sa li tapral di. Li di sè l' konsa : « Se ou k'ap lave bokit yo, tandé ? M'ap bay poul yo manje.

Se MWEN ki okipe poul yo. »

Estè te pale pandan li te mache pou rive kote poul yo te ye : « Men manman m' te di m' se mwen ki pou fè l'. Li vle pou w' al ede li andan kay la pito. » Beki te tou pare pou l' ouvri bouch li fè bri sou sè li lè l' remake granpapa l' t'ap vini. Beki te plake yon bèl souri sou vizaj li, epi te chante pou salye granpapa l' : « Bonjou ! » Koulye a, Beki pa t' ka di anyen ankò. Fòk li te rete ap lave bokit yo apre sa pou li antre nan kay la pou ede manman l'.



Pandan yo te nan sèvis la, Beki t'ap swiv byen pandan granpapa l' t'ap preche. Li te adrese timoun yo pou li di yo konsa : « Petèt ou fè bèl efò pou ou travay byen pandan paran ou yo ap gade ou. Oubyen, ou toujou fè respè ou pandan pwofesè gen je sou ou. Sa bon, men ou manke yon bagay. Ou dwe toujou sonje Bondye wè kijan ou konpòte ou lè ou panse ou tou sèl. »

Beki te santi li antò. Li te déjà pran desizyon pou l' konpòte l' pi byen posib, men se te paske granpapa l' ak grann li t'ap gade. Koulye a, li te pran desizyon pou l' konpòte l' byen nan TOUT okazyon, menm lè yo pa t' la. Li tapral renmen frè l' ak sè l' yo. Li tapral ofri tèt li pou li fè travay lòt moun pa t' vle fè. Li tapral fè tout sa k' posib pou li aji byen nan tout okazyon.

Pita nan menm jou a, pandan yo te lakay, manman medam yo te di konsa : « Beki, al ranmase ze yo. Epi Estè, ale ansanm avè l'. »

Beki ak Estè te mache pou yo rive nan kay la kote poul yo te ye a. Kou Beki te ouvri pòt la kote yo te sere sak manje yo, li te pantan. Te genyen anviwon senkant (50) poul ki te kanpe sou sak manje yo. Sak ki te déjà debouche a te tonbe, epi manje poul te simen agòch adwat. Poul yo t'ap fè dega. Beki te tou blyie desizyon li te pran pou l' aji byen nan tout okazyon.

Li te di konsa : « Estè ! Ou pa t' fèmen pòt sa byen maten an lè ou te fin bay poul yo manje ! Men sa m' t'ap di a. Dezòd sa se sou kont ou ! Se ou menm ki fè sa a ! »

Estè t'ap bege : « Men...men...mwen pa t'...mwen te fèmen pòt la mwen menm. »

Beki te monte sou li : « Ou DI ou te fèmen pòt la ! Men sa pa sifi. Gade pou wè. Fòk ou gade pòt la byen lè ou fini pou wè si li fèmen byen. »

Estè te di : « Mwen te fè sa. Li te fèmen byen. Mwen te gade l' byen anvan m' te vire ale. »

Beki te fache toujou : « Kòman ou te gade l' ? Sa w'ap di la a ? Si ou te gade pòt la byen poul sa yo pa t' ap kapab antre fè dega. »

Koulye a dlo t'ap ponpe nan je Estè. Li te di konsa : « Men mwen te fèmen l'. M' te fèmen pòt la byen. »

Beki pa t' dakò. « Manti ! E poukisa w'ap kriye ? Ede m' mete poul yo deyò.

Demen se ou k'ap

lave depo a ban

mwen. Pwochen

fwa ou p'ap bliye

fèmen pòt la. »

Beki te kanpe

anfas Estè. Estè te

ka wè papòt depo

a, men Beki te

bay papòt la do.

Konsa, Beki te

remake vizaj Estè

a te chanje. Kisa li

te wè ? Beki te vire

pou wè granpapa l' ki te kanpe dèyè do l'. Beki te chanje koulè. Li pa t' menm ka


di si granpapa l' te tandé jan li t'ap pale.

Granpapa l' di konsa : « Èske poul yo te antre nan depo a ? »

Beki te kouri pale : « Wi. Yo te antre paske Estè pa t' byen fèmen pòt la. »

Mesye te poze yon kesyon : « Kilè ou te antre bay poul yo manje, Estè ? »

Estè reponn : « Se te maten an anvan nou te manje. Men mwen te gade pòt la



byen pou wè si li te fèmen. »

Granpapa te di tifi a konsa : « San dout ou te fèmen l' byen. Apre nou te manje, se mwen menm ki te vini ak kèk rès manje bay poul yo. Mwen regrèt se mwen ki pa t' fèmen pòt la. Se mwen menm ki pou netwaye depo a demen. Se mwen ki lakòz dezòd la. »

Beki te kouri pale avè l' : « O non. Sa konn fêt déjà, tandem ? Sa pa anyen. Demen m'ap vin netwaye tout bagay. Li te merite netwaye déjà. »

Granpapa di Beki konsa : « Apa ou padone mwen fasil. Se pa t' konsa pou Estè. »

Koulye a, se te je Beki ki t'ap koule dlo. Li di : « M' regrèt mwen te pale konsa ak Estè. Mwen te deside pou m' pa fè dezòd ankò. Men, lè je m' tonbe sou sa ki fêt la, mwen te blyie. »

Granpapa medam yo te ede yo pouse poul yo epi ranmase kèk grenn ze. Pandan yo t'ap retounen nan kay la, li te di konsa : « Beki, ou te pale rèd ak Estè. Se nòmal si ou regrèt sa koulye a. Mwen sèten ou pral fè tou sa ou kapab pou sa pa repete. Se byen. Kontinye konsa. Avèk konkou Bondye, si ou rete sou sa, ou kapab pran sa ki bon déjà, epi rann li pi bon toujou. »

Beki te deside mande sè l' padon pou jan li te pale avèk li. Apre sa, li te rekòmanse ak desizyon l' ankò. Avèk èd Bondye, Beki te nan wout pou li amelyore konpòtman li plis toujou.


Istwa sa a sòti nan *Goose Feathers (Plim Zwa yo)*

Nou gen pèmisyon pou n' utilize tèks sa a.



Vèsè Pou Aprann

**« Mwen mande Senyè a pou nou gen plis renmen
youn pou lòt ak pou tout moun, menm jan mwen
renmen nou » (1 Tesalonisyen 3.12).**



Aktivite Timoun

Ranpli espas vid yo avèk mo ki manke a. Apre sa, chache mo ou te ekri a nan bwat ki anba a. Ansèkle l' kote ou jwenn li.

1. Devan gwo dega sa a, Beki te _____ pale byen ak Estè.
2. Beki te akize sè li kòm moun ki te blyie _____ pòt la byen.
3. Granpapa te di se li menm ki pou_____ depo a demen, paske se li ki pa t' fèmen pòt la.
4. Beki te dakò mande sè li _____ pou jan li te pale avèk li.
5. Avèk èd Bondye, Beki te nan wout pou li _____ konpòtman li plis toujou.

K	J	H	M	N	P	A	D	O	N
T	R	W	Q	S	D	M	V	X	B
J	K	H	F	È	M	E	N	G	F
Z	G	F	D	R	T	L	O	U	I
D	N	E	T	W	A	Y	E	S	D
G	F	D	S	D	F	O	V	B	C
Y	J	M	K	P	L	R	W	Q	S
K	J	B	L	I	Y	E	W	D	F

(Repons nan paj 29)

*Bay yon timoun
prensip li dwe
swiv, epi swiv prensip
sa yo ou menm tou.*

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon,
oubyen ta renmen resevwa èd espirityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason
nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



« Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon... »
(2 Pyè 1.19).

Lapriyè Yon Papa

O Bondye, pítit gason m' apenn genyen twazan.

Aswè a lí te priye Ou ;

Ak tout kè l', lí te mande Ou pran swen Li,

Apre sa, ak kè poze, lí te tonbe dòmi.

Kousye a, se mwen ki ajenou...

Mwen santí m' piti epi m' manke anpil ;

Se pòv mwen ye, men m'ap mande tanpri,

Gen pitye pou mwen menm osi.

O Papa, men pítit gason m' ki san defans...

Poutèt lí menm, mwen santí yon gwo chaj lou :

Se nan chemen límyè mwen dwe mennen lí,

Epi m' dwe kondwi l' pou lí konnen Jezi.

O Bondye, ede m' pou m' pa janm fè okenn bagay

Ki te ka fè pítit gason sa a pèdi konfyans nan Ou.

M' se yon papa tou, epi se nan pye Ou mwen vini,

O Bondye, pa janm bliye m', tanpri !

- Yon Vwa Nan Dezè A